Une meilleure conservation des aires protégées et une meilleure prise en compte des besoins socio-économiques des populations sont susceptibles de découler de la gestion participative. L'état actuel de dégradation et de pression effrénée sur les aires protégées résulte, pour une grande part, du défaut de responsabilisation des populations riveraines.

La conservation des aires protégées est éclatée entre les compétences et les actions de différents acteurs, d'où le besoin d'une coordination. En guise de stratégie, mettre en œuvre les principes de participation et de l'information à tous les niveaux de la gestion des aires protégées, national et local, au niveau des institutions centrales et des institutions décentralisées, l'implication des associations est le gage d'une gestion profitable à la conservation.

Le Gouvernement du Burundi, ayant constaté qu'il est difficile de gérer et protéger efficacement les aires protégées sans le soutien des populations riveraines, a défini les modes de gouvernance des aires protégées pour permettre:

- la participation et l'engagement des parties prenantes dans la gestion des aires protégées ;
- la mise en place des programmes de développement tout autour des aires protégées ;
- la synergie dans la gestion des aires protégées ;
- l'amélioration du mécanisme de financement des aires protégées.

❖ Dispositions légales relatives à la gestion participative des AP

Selon la loi sur les aires protégées actuellement en vigueur (la Loi n°1/10 du 30Mai 2011 portant création et gestion des aires protégées au Burundi) prévoit **en son article 9** les modes de gouvernance mis en place actuellement que sont les suivants:

- Gestion publique (AP gérées par l'Etat) ;
- Gestion entre l'Etat et les communautés (AP cogérées) ;
- Gestion privée (AP gérées par des privés) ;
- Gestion communautaire (AP gérées par les communautés).

- ❑ **Selon l'article 12:** les aires protégées cogérées par l'Etat et les populations riveraines est celle en partenariat entre l'Etat et les populations riveraines mais où l'Etat reste propriétaire terrien et responsable de la gestion au quotidien de l'aire protégée.
- ❑ **Selon l'article 13:** un comité d'appui composé d'agents de l'organisme en charge de la conservation, des agents de l'administration locale et des représentants des élus des populations riveraines est mis en place pour chaque aire protégée.
- ❑ **Selon l'article 14:** le système de participation des communautés locales dans les activités de gestion de l'aire protégée en cogestion se fait notamment à travers l'organisation des associations, des groupements ou autres sous-comités collinaires.
- ❑ **Selon l'article 29:** la gestion participative des aires protégées doit se préoccuper de l'amélioration du cadre et du mode de vie des communautés locales.
- ❑ **Selon l'article 33:** les pouvoirs publics veillent au renforcement des capacités des populations riveraines dans le cadre de la gestion participative

Cependant, les pouvoirs reconnus aux communautés locales ont une nature et une étendue variables. Un rôle leur est reconnu dans la gestion des aires protégées et dans la prise de

décisions locales. Il est très souvent limité à la surveillance et à rapporter les intrus aux gestionnaires des aires protégées.

III. CONCLUSION

La gestion centralisée des aires protégées est l'une des raisons essentielles de très peu de performance atteint dans leur conservation. Les populations ne bénéficient pas non plus de nombreuses opportunités de développement qu'elles devaient pourtant en attendre légitimement.

Cependant, l'intervention de certains Partenaires dans la gestion des aires protégées et surtout la tâche de promouvoir la gestion participative des aires protégées sont d'autant plus d'arguments justifiant le cadre juridique et institutionnel de sa mise en œuvre

Cette participation est ainsi concrétisée par la mise en place des comités de gestion autour de certaines aires protégées et cet aspect est venu résoudre le problème que posait la méthode dirigiste dans la gestion des aires protégées.

La gestion participative est donc un facteur primordial pour déterminer l'effectivité et l'efficacité de gestion des aires protégées. Elle représente donc un grand intérêt pour la conservation. Elle reste à améliorer et peut être un chemin incontournable pour faire face aux défis actuels auxquels fait face la gestion des aires protégées dans notre pays.

III.3. KUBERIKI N'AKAMARO K'AMASEZERANO YO KWIYEMEZA GUKORERA HAMWE HAGATI Y'ABENEGIHUGU N'IKIGO OBPE MUGUTUNGANYA IBIBANZA NDANGAMICO KAMA VYA KARERA NA NYAKAZU /FOFO Alphonse

- Ntamasezerano y'umugwi umwe abaho, aba hagati y'imigwi 2;
- Abasinya ku masezerano, n'abaserukira iyo migwi (2);
- Ibishikwako mu mugambi uhuza izo mpande, biba vyiza iyo umwizero utari mu muntu 1 gusa ariko uri mu mugwi w'abantu benshi bakoraniye hamwe (association);
- Mugihe hahindutse abari muri ayo masezerano, amasezerano ntaca areka kwizerwa;
- Iyo amasezerano asubirwamwo ku mwaka ku mwaka, bituma haba ubucuti bukomeye hagati yabo vyega naho abakuru babo boba badahari;
- Kubera amasezerano, umwumwe wese mubo yega, aba afise integuro y'ingene ukwo gukorana kuzogenda, kandi uruhara rw'umwumwe wese ruba ruboneka neza murayo masezerano;
- Amasezerano rero ni igikoresho gikomeye kugire gukorana bigende neza mu mugambi muba mukorera hamwe;
- Amasezerano amaze gushigwako imikono, iyo migwi ntiba icidohora muri uko gukorana guhuza izo mpande 2, ahubwo haba hasigaye kwitaba ubutungane kubera ivyo wiyemeje bitagiye mu ngiro;
- Mu kwandika amasezerano, ni ngombwa ko umwumwe wese akoresha ukuri, ni naho gukorana biheza bikagenda neza;
- Amasezerano araha uburenganzira kwitura sentare iyo uruhande rumwe rutariko rukora ivyo rwiyejeje;
- Iyo rero hari urwandiko rw'amasezerano, rusinye n'impande zose (2), bituma ibintu bifata inzira imwe kandi hagasirwamwo n'inguvu nyinshi muri uko gukorana;
- None rero, bavuga ngo « ni vyiza gukinga ingwara aho koyivura » hanyuma impande zone zigafata ingingo zirashe kuva mu ntango;
- Mu gihe ata masezerano ahari canke mu gihe yanditswe nabi, umwe mubari murayo masezerano yogira ikibazo mu kwerekana aho urundi ruhande rutakoze ivyo rwiyejeje.

III.4. : URUHARA RWA KOMITE IFASHA KUBUNGABUNGA IBIBANZA NDANGAMICO KAMA BIKINGIWE VY'I KARERA N'INYAKAZU / NDUWAYEZU Gérard

Mu Burundi, ishaka rya Reta mu bijanye no gukingira ibibanza bikingiwe ryagaragaye kuva kera cane, aho twari tugitwagwa n'inteko mva makungu, kuva mu mwaka y'1980 aho hashirwaho itegeko ryerekeye ugushiraho ibibanza bikingiwe mu Burundi.

Vuba cane, Reta y'Uburundi yarashatse gutezimbere ibijanye n'ugutunganya ivyo bibanza bikingiwe mu gushiraho itegeko n°1/10 ryo kuva 30 Rusama ryerekeye ugushiraho n'ugutunganya ibibanza bikingiwe mu Burundi rikongera rigaha ikibanza kinini/ngirakamaro itunganywa rusangi ry'ivyo bibanza mparirwabuzima hagati ya Leta n'abanyagihugu bavyegereye.

Turavye akamaro k'ivyo bibanza bikingiwe ku buzima n'ubutunzi vy'abenegihugu n'ivyo bitanga mu bijanye n'ubutunzi bw'igihugu, itunganywa ry'ivyo bibanza bikingiwe ritegerezwa kumvikanwako n'ugukwirikiranwa neza hagati y'abo vyega bose atawirengagijwe.

Naho bigaragara ko ivyo bibanza bikingiwe bifise akamaro kanini, ibibigeramira ntivyigera bibiha agahengwe kuburyo atawundi muti ushoboka atari uko abo vyega bose bohaguruka bakerekana uruhara rwabo ntangere mu bijanye n'ukubungabunga ivyo bibanza bikingiwe.

Ni muri iyo ntumbero, hategekanijwe gushiraho amakomite afasha mu kubungabunga n'ugukingira ivyo bibanza hisunzwe ingingo zibitegekanya ziri mw'Ibwirizwa n°1/10 ryo kuva 30 rusama rishinga ibibanza bikingiwe mu Burundi n'ingene bitunganywa.

Iryo Bwirizwa riherutse kunganirwa kandi n'Itegeko Nshikiranganji ritanga intumbero mu bijanye n'ugutunganyiriza hamwe ibibanza bikingiwe hagati ya Reta n'abenegihugu.

URUHARA RW'AMAKOMITE YUNGANIRA MU KUBUNGABUNGA IBIBANZA BIKINGIWE

Mw'itunganywa ry'ibibanza bikingiwe bitunganywa na Leta hamwe n'abenegihugu bo mu micungararo yavyo, harategekanijwe ko uyo mugwi wanyuma ugira uruhara biciye mu mugwi (Komite) ufasha kugira uruhara rw'umwumwe wese rugaragare neza.

☐ Abagize Komite:

- ✓ Abakozi b'Igisata kijejwe gukingira ivyo bibanza;
- ✓ Abaserukira Intwari bo mu Makomine yegamiye ivyo bibanza;
- ✓ Abaserukira abenegihugu bo mu micungararo y'ivyo bibanza;
- ✓ Uwuserukira amashirahamwe ajejwe gukingira ibidukikije mu karere k'ikibanza bikingiwe kandi aboneka neza ku rubuga.

☐ Ivyo komite ijejwe:

- ✓ Gutanga intumbero m'ukubungabunga ivyo bibanza ndangamico kama bikingiwe;
- ✓ Gufasha mw'ishigwa mu ngiro ry'ibikorwa vyerekana ingene ivyo bibanza gikingiwe bitunganyijwe;
- ✓ Gufasha abajejwe ivyo bibanza gutunganya n'ugutegekanya ibikorwa vy'ivyo bibanza;
- ✓ Guhimiriza abenegihugu bo mu micungararo yavyo bose ngo bagire uruhara mu bikorwa vy'ukubungabunga;
- ✓ Gutuma abo vyega bose baja inama n'ingingo kandi bakagira uruhara mu bikorwa vy'ukubungabunga ivyo bibanza;

- ✓ Gufasha gutatura amatati ari hagati y'imigwi y'abenegihugu bafise ico bahuriyeko n'ivyo bibanza;
- ✓ Kuba urumuri mu zindi nzego;
- ✓ Gufasha mw'ishirwaho ry'amakomite matomato ku mitumba yegamiye ivyo bibanza;
- ✓ Guha icegeranyo c'ivyakozwe Ikigo OBPE biciye k'uwujewe ivyo bibanza.

GUSOZERA

- Urugero rw'ukwitanga kw'abenegihugu begereye ibibanza bikingiwe mu kubungabunga ibibanza bikingiwe ntirushemeye.
- Ivyo bigasigurwa n'uko ibibanza mparirwabuzima kama bibandanya bitituka.
- Ukwitabira bimwe biboneka kw'abanyagihugu begereye ivyo bibanza kuguma ari nkenerwa cane kugirango turushirizeho gukingira amatungo kama yo mu bibanza bikingiwe.
- Turasavye kugira uruhara ruboneka mu kubungabunga ibinyabuzima.

III.5. INTWARO N'UBURENGANZIRA BUNGANA KURI BOSE MW'ITUNGANYWA RY'IBIBANZA BIKINGIWE N'IKORESHA RY'AMATUNGO KAMA/ FOFO Alphonse

INTANGAMARARA

- Ni nde ajejwe ibibanza ndangakaranga bikingiwe?
- Amatungo kama akoreshwa;
- Ingaruka mbi iyo amatungo kama akoreshejwe nabi :ihindagurika ry'ibihe, ihona ry'ibinyabuzima, ubutunzi buragabanuka, ayandi matungo kama nayo nyene ntasigara inyuma muguhungabana (ibidukikije birahungabana muri rusangi);
- Kugire amatungo kama agirire akamaro igihugu n'abenegihugu, izo mpande zose ziteregezwa gukora ibishoboka vyose atawugunze uwundi!!
- Intwari nziza, ukwitunganywe kwose, irangwa n'ingendo zibereye zituma ibibanza bikingiwe bigu ma vyifashe neza (harimwo no gukorera k'umugaragaro);
- Intwari nziza ifatiye kandi ku gaciro n'agateka k'abenegihugu baronka bishingiye ku kuri, ukungana, ukwiyemeza nyakuri n'intererano mu gihe co gufata ingingo.

INTWARO ZITEGEKANYWA N'AMATEGEKO MUGUTUNGANYA IBIBANZA BIKINGIWE MU BURUNDI

1. Itunganywa ry'ibibanza na Reta yonyene

- Ibibanza bikingiwe bitunganywa na Reta bitwarwa n'urwego rwa Reta nk'ubushikiranjanji canke igisata cegamiye Reta rushikiriza Reta ivyo rukora atawe ruciyeko.
- Ubushikiranjanji canke igisata cegamiye Reta ni co gifise ububasha bw'ugutwara n'ugutunganya ivyo bibanza bikingiwe kikongera kigashikiriza Reta ivyerekeye iryo tunganywa.

Mu bibanza bitunganywa na Reta, Reta igumana uburenganzira bwose kw'itungo kandi ikagenzura ikibanza gikingiwe.

Reta ishingira itunganywa ry'ibibanza bikingiwe bitwarwa na Reta ikigo c'igihugu kijejwe gukingira ibidukikije n'amashamba cimeza.

- Itunganywa ry'ibibanza na Reta n'abenegihugu

Ibibanza bikingiwe bitunganywa na Reta hamwe n'abanyagihugu bo mu micungararo yavyo bitwarwa na Reta ifadikanije n'abo benegihugu ariko Reta ikaba ari yo iganza agataka kaho kandi ikaba ari na yo ijejwe kwama itunganya ico kibanza gikingiwe ;

Ugushira abenegihugu mw'itunganywa ry'ibibanza bikingiwe bitunganywa n'ikigo kibijewe gifadikanije n'abenegihugu cane cane mu gushinga amashirahamwe canke amakomite matomato yo ku mitumba.

Mu ngingo ya 16, ntahamwe bavuga ko abenegihugu batata ingingo mu gutunganya ibibanza bikingiwe haba mugukoresha amatungo kama...

- Itunganywa ry'ibibanza bikingiwe n'abenegihugu bonyene

Mu bibanza bikingiwe gitunganywa n'imirwi y'abenegihugu ni bo bakigaba bakongera bakagitunganya, bakagena uwubaserukira mu kugitunganya kandi bakamuhemba. Reta irafasha gusuzuma n'ugukurikirana ivyo bibanza kandi ikongera ikaraba ko indinganizo y'ingene bizotunganywa n'intumbero bijanye. Ntantereranano nimwe ijanye n'amafaranga iboneka iva muri Reta mugihe ibidukikije bikingiwe ari ku neza ya bose!!!!

UBURENGANZIRA BWO GUKOresha AMATUNGO KAMA

- yo hari ikibangamiye amatungo kama yibwira yo mu karere gakingiwe kizwi canke gishobora gushika mu vyigwa vyerekeye inkurikizi kw'ikoreshwa ry'amatungo yo mu karere gakingiwe, ivyosubirira ayo matungo birashobora gutegekanirizwa abenegihugu baba mu micungararo y'ako karere gakingiwe(ingingo 28).
- Ibibanza bikingiwe bitegerezwa gutegekanywa mu mugambi w'iterambere ry'igihugu kandi itunganywa ryavyo ritegerezwa kujana n'iterambere ry'abanyagihugu baba mu micungararo. Mw'itunganywa ry'ibibanza bikingiwe rigirwa n'abajejwe ivyo bibanza bafadikanije n'abenegihugu baba mu micungararo yavyo hategerezwa kwitwararika guteza imbere kurusha uko vyahora aho baba n'imibereho yabo (ingingo 29).
- Amafaraga ava mw'ikoreshwa ry'ibibanza bikingiwe ategerezwa gusubira gukoreshwa mu bikorwa vyo kubungabunga ibidukikije canke vy'ugushigikira iterambere ry'uturere turi mu micungararo y'ibibanza bikingiwe bitunganywa na Reta canke ifadikanije n'abenegihugu bo mu micungararo (ingingo 30).
- Abajejwe intwari baritwararika ukwungura ubumenyi bw'abenegihugu kubera uruhara bafise mw'itunganywa ry'ibibanza bikingiwe (ingingo 33).

GUSOZERA

- Tugeranije intwari zarangwa mu bibanza bikingiwe, haribonekza akarusho mu kugerageza gufata ingingo zotuma abenegihugu bagira nabo ico baterereye kandi viyo bibanza bibagirira akamaro bimwe biboneka;
- Gushiraho amategeko menshi yerekana neza ukugene abenegihugu, bafadikanije n'ikigo OBPE, bofata ingingo mperekeza ry'itegeko rigenga ibibanza bikingiwe ku neza yo gukingira ibidukikije hatibagiwe no kwiteza imbere gufatiye kwikoreshwa ry'amatungo kama.

III.6. AMASEZERANO YO KWIYEMEZA GUKORERA HAMWE MU GUKINGIRA NO GUTUNGANYA NEZA IBIBANZA NDANGAKARANGA VY'I KARERA NA NYAKAZU

INTANGAMARARA

- OBPE niyo ijejwe ibibanza bikingiwe mu Burundi
- Ibwirizwa inomero 1/ 10 ryo ku wa 30 rusama 2011 rishinga ibibanza bikingiwe n'ingene bitunganywa mu Burundi.
- Ingingo ya 17, irategekanya gukorera hamwe n'abo bose batandukanye bari ku nkengera z'ibibanza bikingiwe.
- Komite yaramaze gushirwaho,
- Ayo masezerano ari hagati ya OBPE n'abayigize

INGINGO ZIGIZE AMASEZERANO

Ingingo ya 1 : Komite igizwe n'abaserukira imirwi itandukanye ifise ico yoterera mu gukingira no mugutunganya ibibanza ndangamico kama bikingiwe vy'i Karera na Nyakazu yarashizweho, ikaba igizwe n'abantu 5;

Ingingo ya 2: Aya masezerano agamije kwerekana uruhara rw'umwumwe wese (OBPE, Komite) mu kwiyemeza gukorera hamwe mu ntumbero yo gukomeza gukingira no gutunganya neza ivyo bibanza ndangamico kama bikingiwe;

Ingingo ya 3 : Amategeko ntunganyabikorwa y'iyo komite arashirwaho mu ntumbero yo kuyifasha gukora neza ico yiyemeje;

Ingingo ya 4: Abagize komite basabwa ibi bikwirikira :

- gushiraho amategeko ntunganyabikorwa agenga komite kandi akayifasha gukora neza ;
- gutuma abo vyega bose baja inama n'ingingo, kandi bakagira uruhara mu bikorwa vy'ukubungabunga ibibanza ndangamico kama bikingiwe ;
- guhimiriza abenegihugu bose ngo bagire uruhara mu bikorwa vy'ukubungabunga ivyo bibanza na cane cane mu gushinga amakomite matomato ku mitumba iri ku nkengera y'ivyo bibanza ndangamico kama bikingiwe
- mu gihe hazoshirwaho amakomite ku mitumba iri ku nkengera y'ibibanza ndangamico kama bikingiwe, komite isabwe kugenzura ingene ayo ma komite akora kandi ikabitangira raporo ;
- gufasha abajejwe gutunganya ivyo bibanza bikingiwe mu gutunganya n'ugutegekanya ibikorwa vyo korerwa muri ivyo bibanza canke mu micungararo ya vyo ;
- gutatura amatati ari hagati y'imirwi y'abenegihugu bafise ico bahuriyeko n'ivyo bibanza bikingiwe ;
- kuba urwego rwakira ivyipfuzo n'ibirego ;
- gutunganya amanama ategakanijwe ku gihe cayo canke mu gihe cose bikenewe ;
- kumenyesha icegeranyo uwujewe gutunganya ibibanza ndangamico kama bikingiwe hamwe, abajejwe intwari mu mw'i Komine n'ikigo OBPE.

Ingingo ya 5: Ingingo za komite zifatwa n'imiburiburi 2/3 vy'abitavye inama;

Ingingo ya 6 : Komite izokora mu gihe c'imyaka 3 ishobora kw'isubiriza mu gihe izoba yakoze ibishimisha ikigo OBPE;

Ingingo ya 7 : Ikigo OBPE gisabwa ibi bikwirikira :

- gufasha komite gushiraho amategeko ntunganyabikorwa ayagenga;
- kugena uwujewe gutunganya ibibanza bikingiwe;
- gufasha gutegura amana ya komite;
- gutorokanya abatanga uburyo ;
- gushiraho uburyo butuma amafaranga akoreshwa aguma aboneka kugira ibikorwa bibandanye birangurwa ;
- gutatura amatati ashobora kwaduka.

Ingingo ya 8:Ibibanza ndangamico kama bikingiwe biguma ari itunga rya Reta;

Ingingo ya 9:Ikigo OBPE bivuye k'ubushobozi canke ubushake buke bw'abagize komite mu gukingira no gutunganya ibibanza ndangamico kama bikingiwe, kirashobora guhagarika ivyagateganyo aya masezerano canke kikayahagarika burundu mu gihe vyibonekeje ko aho guteza imbere ivyo bibanza, ahubwo biriko bisubira inyuma.

Ingingo ya 10 :Abagize komite si abakozi ba OBPE, kuri vyo, ntibashobora kubasubirira ku mvo izarizo zose kandi nta gahembo kabo gategekanijwe.

Ingingo ya 11:Aya masezerano ashobora gusubirwamwo akajana n'ibihe mu gihe amabwirizwa agenga gutunganya ibibanza bikingiwe nayo yohindurwa.

Ingingo ya 12:Mu gihe ho kwibonekeza amatati, impande 2 (komite, OBPE), zisabwe kuyatorera inyishu ziri hamwe, bidashobotse zikarondera umuhuza, vyanse gose, uwuserukira OBPE agafata ingingo ibereye yisunze amategeko agenga ibibanza bikingiwe mu Burundi.

Bigiriwe mw'i Shanga,..../01/2022
Yasomwe kandi yemejwe

Uwuserukira Komite

X

Abagize komite

- MANIRAKIZA Désiré (umwanditsi)
- NTIHARIRIZWA Pascal (umunywany)
- NTEZICIMPA Elias (umunywany)
- SIBONIYO Aimable (umunywany)
- SIBOBANDEMYE Sosthène (umunywany)

Uwuserukira OBPE

Umuyobozi Mukuru

HATUNGIMANA Berchmans

ANNEXE IV : ACTE D'ENGAGEMENT

REPUBLIQUE DU BURUNDI



**MINISTRE DE L'ENVIRONNEMENT,
DE L'AGRICULTURE ET DE L'ELEVAGE**

Gitega, le/...../2022



**Office Burundais pour
la Protection de
l'Environnement**

AMASEZERANO YO KWIYEMEZA GUKORERA HAMWE MU GUKINGIRA NO GUTUNGANYA NEZA IBIBANZA NDANGAKARANGA VY'I KARERA NA NYAKAZU

INTANGAMARARA

Ibibanza bikingiwe Ndangakaranga vy'i Karera na Nyakazu bitunganwya ku musu ku musu k'ikigo c'igihugu kijejwe gukingira ibidukikije mu Burundi (OBPE) hisunzwe ibwirizwa inomeru 1/ 10 ryo ku wa 30 rusama 2011 rishinga ibibanza bikingiwe n'ingene bitunganywa mu Burundi. Iryo bwirizwa, mu ngingo yaryo ya 17, rirategekanya gukorera hamwe n'abo bose batandukanye bari ku nkengera z'ibibanza bikingiwe. Ni muri icyo ntumbero, ikigo OBPE cipfuzaga gukomeza itunganywa ry'ibibanza bikingiwe mu gushiraho komite igizwe n'abaserukira imirwi itandukanye iri ku nkengera y'ivyo bibanza yofasha abasanze babitunganya ku musu ku musu kugire, bamwe n'abandi, bagire uruhara ntangere mw'itunganywa n'ikoreshwa rirama ry'ivyo bibanza ku neza y'ibinyabuzima biharangwa hatibagiwe n'ineza y'abenegihugu.

AYO MASEZERANO ARI HAGATI YA:

Ikigo c'igihugu kijejwe gukingira ibidukikije mu Burundi (OBPE), gifise icyarokoreye mu gisagara c'umurwa mukuru wa politique i Gitega, giserukiye na **HATUNGIMANA Berchmans, umuyobozi mukuru w'ico kigo, inimeru z'iterafone 22403031 canke 22254255 ;**

Na

Komite igizwe n'abaserukira abo bose bafise icyo boterera mu gukingira no gutunganya ivyo bibanza ndanga mico kama bikingiwe vy'i Karera na Nyakazu bo mw'i Komine Mpinga-Kayove na Musongati, iserukiye n'umukuru wayo ariwe **NTIHARIRIZA Pascal, aba Musongati, terefone 69239956**, akaba ariwe yagenywe ngo aserukire komite mw'ishirwa mu ngiro ry'aya masezerano ;

humvikanywe ibi bikwirikira :

Ingingo ya 1: Komite igizwe n'abaserukira imirwi itandukanye ifise ico yoterera mu gukingira no mugutunganya ibibanza ndangamico kama bikingiwe vy'i Karera na Nyakazu yarashizweho, ikaba igizwe n'abantu 5.

Ingingo ya 2: Aya masezerano agamije kwerekana uruhara rw'umwumwe wese (OBPE, Komite) mu kwiyezeza gukorera hamwe mu ntumbero yo gukomeza gukingira no gutunganya neza ivyo bibanza bikingiwe.

Ingingo ya 3 : Amategeko ntunganyabikorwa y'iyi komite arashirwaho mu ntumbero yo kuyifasha gukora neza ico yiyemeje.

Ingingo ya 4 : Abagize komite basabwa ibi bikwirikira :

- gushiraho amategeko ntunganyabikorwa agenga komite kandi akayifasha gukora neza ;
- gutuma abo vyega bese baja inama n'ingingo, kandi bakagira uruhara mu bikorwa vy'ukubungabunga ibibanza ndangamico kama bikingiwe ;
- guhimiriza abanegihugu bese ngo bagire uruhara mu bikorwa vy'ukubungabunga ivyo bibanza na cane cane mu gushinga amakomite matomato ku mitumba iri ku nkengera y'ivyo bibanza ndangamico kama bikingiwe ;
- mu gihe hazoshirwaho amakomite ku mitumba iri ku nkengera y'ibibanza ndangamico kama bikingiwe, komite isabwe kugenzura ingena ayo ma komite akora kandi ikabitangira raporo ;
- gufasha abajejwe gutunganya ivyo bibanza bikingiwe mu gutunganya n'ugutegekanya ibikorwa vyo korerwa muri ivyo bibanza canke mu micungararo ya vyo ;
- gutatura amatati ari hagati y'imirwi y'abanegihugu bafise ico bahuriyeko n'ivyo bibanza bikingiwe ;
- kuba urwego rwakira ivyipfuzo n'ibirego ;
- gutunganya amanama ategakanijwe ku gihe cayo canke mu gihe cose bikenewe ;
- kumenyesha icegeranyo uwujejwe gutunganya ibibanza ndangamico kama bikingiwe, abajejwe intwari mw'i Komine hamwe n'ikigo OBPE.

Ingingo ya 5 : Ingingo za komite zifatwa n'imiburiburi 2/3 vy'abitavye inama.

Ingingo ya 6 : Komite izokora mu gihe c'imyaka 3 ishobora kw'isubiriza mu gihe izoba yakoze igashimisha ikigo OBPE.

Ingingo ya 7: Ikigo OBPE gisabwa ibi bikwirikira :

- gufasha komite gushiraho amategeko ntunganyabikorwa ayigenga;
- kugena uwujejwe gutunganya ibibanza bikingiwe;
- gufasha gutegura amanama ya komite;
- gutorokanya abatanga uburyo ;
- gushiraho uburyo butuma amafaranga akoreshwa aguma aboneka kugira ibikorwa bibandanye birangurwe ;
- gutatura amatati ashobora kwaduka.

Ingingo 8: Ibibanza bikingiwe biguma ari itunga ry'igihugu

Ingingo ya 9: Ikigo OBPE, bivuye k'ubushobozi canke ubushake buke bw'abagize komite mu gukingira no gutunganya ibibanza ndangamico kama bikingiwe, kirashobora guhagarika ivyagateganyo aya masezerano canke kikayahagarika burundu mu gihe vyibonekeje ko aho guteza imbere ivyo bibanza bikingiwe ahubwo biriko bisubira inyuma.

Ingingo ya 10: Abagize komite si abakozi ba OBPE, kuri vyo, ntibashobora kubasubirira ku mvo izarizo zose kandi nta gahembo kabo gategekanijwe.

Ingingo ya 11: Aya masezerano ashobora gusubirwamwo akajana n'ibihe mu gihe amabwirizwa agenga gutunganya ibibanza bikingiwe nayo yohindurwa.

Ingingo ya 12: Mu gihe ho kwibonekeza amatati, impande 2 (komite, OBPE), zisabwe kuyatorera inyishu ziri hamwe, bidashobotse zikorondera umuhuza, vyanse burundu, uwuserukira OBPE agafata ingingo ibereye yisunzu amategeko agenga ibibanza bikingiwe mu Burundi.

Bigiriwe mw'i Shanga,/01/2022

Yasomwe kandi yemejwe

Uwuserukira Ikigo OBPE

Umuyobozi Mukuru

Ir.HATUNGIMANA Berchmans

Abagize Komite

-NTIHARIRIZWA Pascal, Umukuru wa Komite

-SIBOBANDEMYE Sosthène, Icegera

-MANIRAKIZA Désiré, Umwanditsi

-NTEZICIMPA Elias, Umunywanyani

-SIBONIYO Aimable, Umunywanyani